ҚОНУН УСТУВОР БЎЛИШИ КЕРАК!

«ИНСОН ВА ҚОНУН» • КҮШ — ӘДИЛЛИКТЕ

Газета 1996—жыл 1-сентябрден баслап шыға баслады

10 ИЮЛЬ 1997 жыл №22 (29). ПИЙШЕМБИ

сатыўда еркин баҳада

АДАМ ҲӘМ НЫЗАМ

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ҲУҚЫҚ ҚОРҒАЎ УЙЫМЛАРЫНЫҢ ЖӘМИЙЕТЛИК—ҲУҚЫҚЫЙ ГАЗЕТАСЫ

ПРЕЗИДЕНТ КИТАБЫ ДОДАЛАНДЫ

Жақында Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасында мәжилис болып, онда Қарақалпақстан Республикасы Прокуроры Ҳ. Ҳалимов Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Әбдиғаниевич Каримовтың «Өзбекстан XXI әсир босағасында; қәўипсизликке қәўип прогресстиң шәртлери ҳәм гиреўлери» атлы китабы ҳәм онда көрсетилген мәселелер ҳаққында кең түрде мәлимлеме жасады.

Ол өзиниң жасаған мәлимлемесинде Президентимиздиң бул китабында прокуратура хызметкерлериниң алдына айқын ўазыйпалар қойылғанына кең түрде тоқтап өтти.

Атап айтқанда, Өзбекстанда пүткил ҳуқық ҳәм суд дизимин жетилистириў Программасын мәмлекет ишиндеги жынаятшылық ҳәм коррупцияға қарсы күшли шара деп есалаўымыз тийис.

Яғный нызамның шексиз үстемлигин ҳәм пуқаралардың ҳуқықлары қорғалыўы усы Программаның мақсети деп саналады ҳәм халқымызды әсиресе жасларды ҳуқықый тәрбиялаўды сапа жағынан жаңа басқышқа көтериў оғада зәрүр.

Семьяда, мектепте, мийнет жәмәәсында, мәканкомларда алып барылатуғын тәрбия нызам бузылыўға байланыслы ҳәр қандай ҳәрекетлерге қарсылықты қәлиплестирилиўи тийис.

Мәжилисте Әмудәрья районы прокуроры ўазыйпасын атқарыўшы Ж. Айымбетов, Кегейли районы прокуроры П. Самамбетов, Бозатаў районы прокуроры М. Халмуратов, Мойнақ районы прокуроры Б. Сейтимбетовлар шығып сөйлеп, Президентимиздиң китабының баҳалылығы ҳаққында өз пикирлери менен ортақласты.

Мәжилисте тийисли қарар қабыл етилди.

СҮЎРЕТТЕ; Беруний район прокуроры Садулла Жуманиязов, (ортада) район прокурорының жәмийетлик ислер бойынша жәрдемшиси Я. Бабаджановлар (оңда) «Адам ҳәм Нызам» газетасының хызметкерлери менен.

Сүўретке түсирген П. МАТЖАНОВ.

НЫЗАМЛЫЛЫҚ САҚЛАНЫЎЫ ТИЙИС

Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасы идаралары тәрепинен гүзги бийдай жетистириў, зүрәәтти орып-жыйнаўда нызамлылықтың сақланыўы бойынша улыўма бақлаў тәртибинде тексериў жумыслары өткерилмекте.

Усы өткерилген тексериў жумыслары нәтийжесинде нәзер салар болсақ,, Қарақалпақстан Республикасы бойынша өткен жылы улыўма 27533 гектар майданға гүзги бийдай егилип, содан 8094 гектар майдандағы гүзги бийдай түрли себеплер менен набыт болып. 19439 гектар майданда гүзги бийдай зүрәәти жетистирилген, яғный Қоңырат районында 2908 гектар майдандағы гүзги бийдай егилген болса, содан 1350 гектар майдандағы гүзги бийдай набыт болып, 1558 гектар гүзги бийдай қалған, сондай-ақ, Шымбай районы бойынша 1299 гектар, Қанлыкөл районы бойынша 821 гектар, Тахтакөпир районы бойынша 738 гектар, Қараөзек районы бойынша 578, Нөкис районы бойынша 562, Шоманай районы бойынша 447, Кегейли районы бойынша 410 гектар ҳ. т. б. районларда гүзги бийдай түрли себеплер менен набыт болған.

Республика бойынша усы күнге шекем 19439 гектар майдандағы гүзги бийдайдың 19425 гектар майдандағы бийдай орылып орташа зүрәәтлилик республика бойынша ҳәр гектардан 15,9 центнерди қурайды.

Бирақ усы жоқарыдағыларға қарамастан жетистирилген гүзги бийдай зүрәәтин урлаў, талан-тараж қылыў, басқылап заялаў жағдайлары көплеп ушырасып атыр.

Мысалы ушын, Қараөзек районындағы «Мәденият» аўыл хожалығы ижарашылары ассоциациясының гүзги бийдай жетистирилген атызына усы ассоциацияда жасаўшы пуқаралар Т. Мадреймов ҳәм Н. Қурбановлардың 8 бас ири шақлы қара маллары 30 гектар бийдай атызына түсип басқылап 3 гектар жердеги бийдайды заялап, нәтийжеде хожалыққа 126237 сўм муғдарында зыян келтирилген. Сонлықтанда усы пуқаралардың қарсысына 1997 жыл 11-апрель күни Өзбекстан Республикасы Жынаят Кодексиниң 198-статьясы 3-бөлими менен №2281-санлы жынаятлы ис қозғатылып, ҳәзирги күнде усы жынаятлы истиң алдын-ала тергеў ҳәрекетлери тамамланып район судына қарап шығыў ушын жиберилди.

Төрткүл районындағы «Намуна» дийқан-фермер хожалықлары бирлеспесиниң №7 бригадасының гүзги бийдай атызына пуқара Н. Бекчановтың 8 бас ири шақлы қара маллары усы жыл 20-февраль күни түсип 0,22 гектар жердеги бийдай зүрәәтин басқылап заялап, нәтийжеде хожалыққа 11173 сўмлық зыянлар келтирген. Сонлықтанда пуқара Н. Бекчанов қарсысына ҳәкимшилик өндириси қозғатылды ҳәм келтирилген зыянлар толығы менен өндирилди.

Деген менен Республикада бул урлық түри тиккелей сапластырылды деп айта алмаймыз. Шымбай, Нөкис, Қоңырат, Тахтакөпир ҳ. т. б. районларда бул ҳәрекетлер орын алып атырғанлығы жүдә тәшўишлендиреди. Биз халқымыз тоқшылығы ушын бул жарамсыз иллетлерге тыйым салыўға күш салыўымыз лазым.

Ихтияр ЖУМАҒАЛИЕВ,
Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасының улыўма бақлаў бөлими аға прокуроры.

ЖАҢА ИЛИМ КАНДИДАТЫ

Тоғайтөре Қаллибеков ушын 1997-жылдың 25-апрели қос қуўаныш алып келген күн болды. Биринширден, бул күн, оның туўылған күни болса, екиншиден ол усы күни Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының философия ҳәм ҳуқық институтының қәнигелестирилген Илимий Кеңес мәжилисинде пуқаралық ҳуқықы қәнигелиги бойынша юридика илимлериниң кандидаты илимий дәрежеси ушын кандидатлық диссертациясын табыслы қорғап шықты.

Тоғайтөре Шыныбекович Қаллибеков 1979-жылы Шымбай районындағы 38-орта мектепти питкергеннен кейин райондағы «Май—жап» совхозында жумысшы, тракторшы, болып иследи. 1980—82-жыллары әскерий хызметте болды. 1983-жылы Қарақалпақ Мәмлекетлик Университетиниң таярлық бөлиминде, 1984—89-жыллары усы университеттиң ҳуқық таныў бөлиминде билим алды. Университетти табыслы питкерип шыққаннан кейин «Май-жап» совхозында юрист мәслеҳәтши, Бозатаў районлық нотариал кеңсесиниң нотариусы лаўазымларында ислеген болса, 1992—94-жыллары Қарақалпақ Мәмлекетлик Университетиниң юридика факультетинде оқытыўшы болып иследи.

Т. Қаллибеков 1994—96 жыллар даўамында Ташкент Мәмлекетлик Юридика институтының «Пуқаралық ҳуқықы» кафедрасында Өзбекстан Республикасына хызмет көрсеткен юрист, юридика илимлериниң докторы, профессор Икрам Бекенович Закировтың басшылығында «Дийқан хожалығының пуқаралық—ҳуқықый статусы» деген темада илимий изертлеў жумысын алып барды.

Бул илимий жумысты алып барғандағы бас мақсет—базар экономикасы жағдайында дийқан хожалықларының раўажланыўы ушын жаратылған социал-экономикалық ҳәм ҳуқықый тийкарларды үйрениў, олардың раўажланыў жолында ушырап атырған тосқынлықларды сапластырыў ҳаққында пикирлер бериўден ҳәрекеттеги нызам, ҳуқықый ҳүжжетлерге тийкарланып дийқан хожалығының ҳуқық субъектлилигин, сондай-ақ пуқаралық ҳуқықының субъекти сыпатында ҳуқықларын тийкарлап бериўден, дийқан хожалығының мүлкке болған ҳуқықларын, оның пуқаралық ҳуқықый шәртнамаларында қатнасыўын ҳәм де оның жумысын тоқтатыў тийкарларын изертлеўден ибарат болды.

Нәтийжеде бул жумысқа Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының хабаршы ағзасы, юридика илимлериниң докторы, профессор Х. Р. Рахманқулов, юридика илимлери докторлары, профессорлар Ш. Ш. Шорахмедов, Я. Е. Песин, У. Ч. Чарияров, М. М. Файзиевлар, юридика илимлериниң докторлары Ш. Н. Рузиназаров, Ж. У. Ташкулов, Л. М. Ахунжановлар диссертанттың рәсмий оппонентлери юридика илимлериниң докторы Б. И. Ибратов, юридика илимлери кандидатлары Х. Т. Азизов, Ш. Файзиевлар өзлериниң жоқары баҳасын берди.

Кәсиплесимиз Т. Ш. Қаллибековты бул жетискен табыслары менен шын кеўилден қутлықлап келешектеги илимий жумысларына табыслар тилеймиз.

Б. МАТМУРАТОВ.

ҚМУ юридика-тарийх факультетиниң деканы, юридика илимлериниң кандидаты, доцент.

ОЛИМ МИНБАРИ

ҲУҚУҚ БИЛАН БУРЧ МУВОЗАНАТИ

Ижтимоий ривожланишнинг ҳозирги даврида бутун дунёда уч ҳодисани кузатиш мумкин; 1. жиноятчиликнинг кучайиши; 2. инсон ҳуқуқларининг эълон қилиниши ва таъкидланиши; 3. инсон бурчларига эътиборнинг камайиши. Жамиятдаги жиноятчилик даражаси инсон ҳуқуқлари ва бурчларининг қанчалик мувозанатлашганлигига боғлиқ. Бироқ бу мақсадга эришиш йўлида бирқанча муаммолар борки, биз ўқувчиларнинг диққатини ана шуларга қаратмоқчимиз.

«Инсон ҳуқулари умумжаҳон декларацияси», «Иқтисодий, ижтимоий ва маданий ҳуқуқлар тўғрисида»ги халқаро пакт, «Фуқаролик ва сиёсий ҳуқуқлар тўғрисида»ги халқаро пакт ва бошқа халқаро ҳужжатлар асосан фуқароларнинг ҳуқуқлари ҳамда ушбу ҳужжатларни имзолаган давлатларнинг, хусусан, Ўзбекистоннинг мазкур ҳуқуқларга риоя этиш бўйича мажбуриятларини белгилаб беради. Республикамизда бу соҳада катта ишлар амалга оширилди. Олий Мажлиснинг VI сессиясида Президент И. А. Каримов ҳуқуқий давлат ва фуқаролик жамияти қуришнинг стратегик йўналишларидан бири сифатида инсон ҳуқуқлари ва эркинликларини ҳимоя қилишнинг амалий механизмини яратишга қаратилган аниқ чораларни кўриш вазифасини ўртага қўйганлиги бежиз эмас.

Ҳуқуқ ва бурч бир-биридан ажралмасдир. Бу икки тушунча бир бутун яхлит маъно касб этади. Инсоннинг яшаш ҳуқуқи эълон қилинар экан, айни вақтда бошқа шахсга ва давлатга ана шу ҳуқуқни ҳурматлаш ҳамда ҳимоя қилиш мажбурияти юкланади. Шу нуқтаи назардан ёндашилса, ҳуқуқларга риоя қилишнинг асосий шарти бурчларнинг бажарилиши эканлиги равшан бўлади. Бинобарин, жамиятнинг замонавий тараққиёт даражаси инсонга, бошқа кишилар ва давлат бурчларини бажарган тақдирдагина ўзига тегишли ҳуқуқлардан фойдаланиш имконини беради.

Декларация ва конвенциялар (битимлар) да, асосан, инсон ҳуқуқлари, давлат ва жамият мажбуриятлари ифодаланган. Аммо уларда фуқароларнинг давлат олдидаги бурчлари тўғрисида деярли ҳеч нарса дейилмаган. Масалан, Умумжаҳон декларациясининг фақат 29-моддасидагина «Ҳар бир инсон жамият олдида бурчлидир, фақат шу ҳолатдагина унинг шахси эркин ва тўлиқ камол топиши мумкин»,—дейилади. Конвенциялар эса инсон бурчларини умуман белгиламайди. Хусусан, инсон қадр-қиммати ҳурмат қилинган тақдирдагина ўз бурчини адо этиши мумкин. Бу талаб ўз-ўзидан равшан, деб ҳисобланган тақдирда ҳам, айтиш керакки, ушбу ҳужжатларда инсон бурчлари тўғрисида аниқ бир қоида йўқ.

Албатта, декларация ва конвенцияларнинг муаллифлари ўша вақтда бир мақсадни—давлат ҳокимияти билан бўлган муносабатда инсон ҳуқуқларини белгилаш ва амалга ошириш мақсадини кўзлаганлар. Лекин бугинги кунда жамиятда уйғун муносабатлар яратиш ва сақлаб туришдан иборат зарурий эҳтиёж юзага келди. Бу муносабатларнинг инсон ҳуқуқлари ва бурчларининг мувозанати ташкил этмоғи лозим. Ҳуқуқларга ҳаддан ташқари кўп эътибор берган ҳолда бурчни эътибордан четда қолдириш, ҳуқуқларни қандай қилиб бўлсада, амалга оширишга интилиш инсон ва жамият муносабатларига салбий таъсир кўрсатади.

Бурчларга эътиборнинг сусайиши нафақат халқаро даражада, балки айрим мамлакатларнинг ички қонунларида ҳам кўзга ташланади. Масалан, ГФР Конституциясида бурчларга ойид қоидалар «Фуқароларнинг ҳуқуқ ва бурчлари» деган бобидагина баён этилади. Венгрия Конституциясининг 30 та параграфидан бор-йўғи учтаси бурчларга бағишланади. Бизнинг Конституциямиздаги «Инсон ва фуқароларнинг асосий ҳуқуқлари, эркинликлари ва бурчлари» номли иккинчи бўлимда инсон ҳуқуқларига 23-та, бурчларга эса 6 та модда бағишланган. Инсоннинг асосий ҳуқуқлари ва бурчлари ўртасидаги мувозанатнинг бузилиши муқаррар равишда фақат унинг ҳуқуқларини дарҳол ва сўзсиз бажариш талаблари томонига оғиб кетишга олиб келади. Бундай ёндашув шахс интилишларининг бузилиши сифатида жиноятларнинг содир этилишига сабаб бўлиши, инсон бурчларини тегишлича белгиламасдан, унинг ҳуқуқларини таъқидлайвериш эса жиноятни келтириб чиқарадиган (криминоген) муҳит яратиб қўйиши мумкин. Бизнингча, ҳозирги вақтда жиноятчилик ўсишининг илдизи ҳам шу ерда.

Бугунги кунда инсон бурчлари баъзида унитилаётганлиги жиноят содир этган шахс билан жабрланувчининг келишуви, ярашуви жараёнида ҳам ўз ифодасини топмоқда. Бундай ҳолларда жиноятчи жабрланувчи тўғрисида, унга етказилган азоб ва зарар ҳақида ўйламайди. Ҳар қандай йўл билан, хусусан, қонунга хилоф равишда ўз эҳтиёжларини қондиришга ҳаракат қилади. У бошқаларга нисбатан қилиб қўйган ишининг оқибатини ўйламайди. Шу боис бурчни эътибордан четда қолдириб, ҳуқуқларга ҳаддан ташқари кўп эътибор бериш инсонда ўз ҳуқуқларини тездан ва тўла амалга ошириш истагини уйғотади. Бунда индивиднинг ўз бурчларини тушиниши ожиз импульслардан нарига ўтмайди ва бинобарин, гезда жиноий ҳатти-ҳаракат қилиш нияти туғилади. Инсонда бурч ҳисси йўқолади, бу эса қонунни бузишга олиб келади.

Агар ҳуқуқлар айтилса-ю, эътибордан четда қолса, бу нарса ослида тўғри бўлган тамойилларнинг нотўғри талқин этилишига олиб келади. Масалан, декларациянинг 11-моддаси ҳамда «Фуқаролик ва сиёсий ҳуқуқлар тўғрисида» халқаро пактнинг 14-моддасида эълон қилинган айбсизлик презумциясига кўра, жиноят содир этканликда гумон қилинаётган шахс унинг айби қонуний тартибда исботланмагунча айбдор деб ҳисобланмаслиги керак.

Бизнинг мамлакатимизда суд ҳукми гина инсонни айбдор деб топиш учун қонуний асос ҳисобланади. Фикримизча, бундай талқин муайян зиддият келтириб чиқаради. Чунки иккинчи инстанциянинг оқловчи ҳукми кучга кирган тақдирда биринчи инстанциядаги суд бегуноҳ шахсга жазо тайинлаб, уни жиноятчи деб эълон қилган бўлиб чиқади. Бундай ёндашув жиноят ишларини муқобил равишда қараб чиқишни, судловни жамоатчилик томонидан амалга оширишни инкор этади. Шу муносабат билан, бизнингча, «айбсиз деб ҳисобланиши керак» иборасини «жиноятчи деб ҳисоблаш мумкин эмас» деган ибора билан алмаштирилса, тўғри бўлади, чунки сўнгги ибора гумон қилинувчига ҳам таалукли бўлиши мумкин. «Айбсиз деб ҳисоблаш» ибораси эса «гумон қилинувчи», «айбланувчи» тушунчаларга мантиқан зид келади. Ахир, бу ўринда гап биз айбсиз деб ҳисобламайдиган шахслар тўғрисида бормоқда. Аксинча, уларнинг айбсизлиги шубҳа остига олинади ва бунинг учун ертали асос бўлади.

Юқорида баён этилганлардан келиб чиқиб, шундай таклифни ўртага ташламоқчимиз: ҳуқуқ ва бурч ўртасидаги мувозанатни тиклаш учун Инсон бурчлари халқаро декларациясини қабул қилиш керак, токи ҳар бир инсон билсинки, инсон ҳуқуқларининг амалга ошиши ундан ҳаётдаги барча даража ва барча соҳаларда ўз бурчларини бажаришни тақозо этади. Декларация мазкур мақсадга хизмат қилган бўларди. Аммо уни яратиш ҳуқуқий меъёрларнинг чуқур таҳлилини, катта тайёргарлик ишларини талаб этади.

Шунинг учун халқаро даражада фуқароларнинг қуйидаги асосий бурчларини мустаҳкамлаб қўйиш керак: 1) ҳеч ким инсон ҳуқуқларининг амалга ошувига тўскинлик қилиши мумкин эмас; 2) ҳар бир фуқаро ижтимоий оғирликнинг бир қисмини ўз зиммасига олиши керак: 3) ҳар бир инсон ўз қобилиятларига яраша меҳнат қилиши керак: 4) ҳар бир инсон жамият манфаатларини ҳимоя қилиш йўлида ҳаракат қилишга мажбур: 5) ҳар бир кимса шахс шаъни ва қадр-қимматини ҳурмат қилиши керак: 6) ҳар бир инсон ўз фарзандлари ва эҳтиежманд ота-оналари тўғрисида қайғуриши шарт: 7) ҳар бир инсон жамиятдаги ахлоқ меъёрларига риоя этиши шарт; 8) ҳар бир инсон ўз ҳуқуқларини музокара, келишув ёки давлат ёрдамида амалга ошириши керак.

Инсон асосий бурчларининг халқаро декларациясини яратишга доир шу каби таклифлар 1990 йилда Мадридда бўлиб ўтган XII Бутунжаҳон социологик конгрессда айтиб ўтилган эди.

Ҳозирги вақтда кўпгина давлатларда мустаҳкам ижтимоий хавфсизликни таъминлаш машкул. Шу боис биз инсоннинг ижтимоий хавфсизликка эга бўлиш ҳуқуқини фақат декларация кўринишида расмийлаштириш мумкин, деб ҳисоблаймиз, чунки жиноятчиликнинг асосий қисми, келиб чиқишидан қатъий назар, ҳозирги жамиятнинг қонуниятли жиҳатидир. Баъзи мутахассисларнинг фикрича, жиноятчилик ўсишининг асосий сабаби ижтимоий адолатсизлик, ижтимоий мослашолмаслик, тарбия ва ижобий аҳлоқий мақсадларнинг етишмаслигидан иборат. Яна бошқалар бунинг сабабини турмушнинг фаровонлашуви, демократия ва эркинлик билан боғламоқдалар.

Ўсиб бораётган жиноятчиликнинг олдини олиш учун давлатлар инсон ҳуқуқлари ва бурчларининг уйғунлашувига ўз ҳиссаларини қўшишлари керак. Инсоннинг ижтимоий бурчларини тан олиш унинг ҳуқуқлари даражасига қанчалик тез кўтарилса, шунчалик тез ижобий натижага эришилади, чунки жиноятчилик инсоннинг ўз бурчларига эътиборсизлиги билан чамбарчас боғлиқдир.

Людмила АСТАНОВА,

ИИВ академияси докторанти, юридик фанлар номзоди.

ПӘРМАНЛАР ОРЫНЛАНЫЎЫ ШӘРТ

Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасы идаралары тәрепинен Өзбекстан Республикасы Президентинин 12 май 1995 жылғы, 24 январь 1996 жылғы «Халық хожалығында есап китапларды өз ўақтында жүргизиў ушын мәкеме кәрхана басшыларының жуўапкершилигин асырыў илажлары ҳаққында»ғы Пәрманының орынланыўы бойынша алып барылған тексериўлер нәтийжесинде 1997 жылдың 5 айында Пәрман талапларының бузылыўынын алдын алыў, келешекте болдырмаў ушын 15 усыныс, 27 көрсетпе (амрнома), 38 алдын алыў ескертиў, 71 ҳәкимшилик өндирис, 6 жынаятлы ис қозғатылды.

Мысал ушын, Қарақалпақстан Республикасы Акционерлик-коммерциялық Пахта банкинде жоқарыдағы пәрман талапларының қалай орынланып атырғанлықларына жүргизилген тексериўлер нәтийжесинде пәрман талапларының толық орынланбай атырған жағдайлары анықланды. Яғный, Қарақалпақстан Республикасы Пахта банк бөлими тәрепинен хызмет көрсетилетуғын мәкеме кәрханалардың 1997 жылдың 1-шерегинде дебиторлық қарызы 530,9 млн. сўм, ал соннан мүддети өткен дебиторлық қарызы 429,2 млн. сўм мүддети өткен кредиторлық қарызы 205,3 млн. сўмды қурайды. Ал 1997 жыл 1-январына болса дебиторлық қарыз 447,1 млн. сўм мүддети өткени 208,7 млн. сўм, кредиторлық қарызы 375,4 млн. сўм, мүддети өткени 151 млн. сўмды қураған. Яғный, улыўма дебиторлық қарыз 80 млн. сўмды, соннан мүддети өткени 55 млн. сўмға, кредиторлық қарызы 54 млн. сўм болған. Пахта банк хызметкерлери тәрепинен жоқарыдағы пәрманның 2-бөлиминдеги көрсетилген барлық банк тәрепинен өз-ара есап китапларды жүргизиўге, қадағалаўды күшейтиў керек екенлиги, алдын-ала төлемсиз зат жибериўге, хызмет көрсетиўге жол қоймаўдың барлық илаж-шараларын көриў қатаң тапсырылған талаплары бузылған. Сондай-ақ, ҳәр ай сайын мәкеме кәрханалардың балансын, дебиторлық кредиторлық қарызлардың қайсы ўақыттан пайда болғанлығын алдын-ала 15% муғдарында көрсетилген төлем мүддетлери өткенлиги, улыўма қанша дебиторлық кредитор қарызлар екенликлери толық көрсетилген ҳалларда расшифровкалар алыныўы керек болсада, көпшилик жағдайларда бул талаплар орынланбай пәрман талаплары турпайы бузылып атырғанлықлары анықланды. Бул пәрман талаплары бузылыўының алдын алыў, келешекте болдырмаў, бузылыўға жол қойған хызметкерлерди интизамий жуўапкершиликке тартыў ушын Қарақалпақстан Республикасы Акционерлик-коммерциялық Пахта банк баслығы Т. Еримбетовтың атына усыныс келтирилди.

Ал, Нөкис қалалық прокуратурасы тәрепинен улыўма бақлаў тәртибинде жоқарыдағы пәрманның орынланыўы бойынша Төрткүл қаласында жасаўшы «Ихлос» саўда акционерлик фирмасының баслығы болып ислеўши Рашид Ниязымбетов 1996 жыл 4-февраль күни «Айнур» киши кәрханасының баслығы Шамурат Абдурахмановтың исенимине кирип, оны алдаўшылық жолы менен шәртнамалар дүзип 1 млн. сўм муғдардағы векселлерин 1996 жылдың 20-февралына шекем 10% пулы менен қосып әкелип беремен деп, усы күнге шекем бермей «Айнур» киши кәрханасын дебитор қарызлар болып қалған. Бул ҳәдийсе бойынша Нөкис қалалық прокуратурасы тәрепинен 1997 жылы 2-май күни Рашид Ниязымбетовтың қарсысына ӨзР ЖК-ниң 168-ст. 4-бөлими «а» пункти менен жынаятлы ис қозғатылып, тергеў ҳәрекетлери алып барылмақта.

ҚҚ нефть өнимлери басқармасының басшы хызметкерлери ӨзР Министрлер Кабинетиниң 2 май 1993 жылғы №118 санлы қарары менен тастыйықланған «Өзбекстан Республикасының мәмлекет басқарыў уйымлары ҳәм кәрханаларындағы юридикалық хызмет көрсетиў ҳаққындағы «Нызамның 9-бөлими «А», «Д» ҳәм «Е» пунктлери талапларының бузылыўына жол қойып, дебитор қарызларды өндириў мәселесин шешиў, тийисли ҳүжжетлер таярлаў ҳәм хожалық судына ислерин таярлаў басқармасы юристконсультантына жүклетилгенине қарамастан, дебитор қарызларды өндириўде юридика хызметин көрсетиў ушын жуўапкершилиги шекленген «Султан ЛТД» жәмийети менен шәртнама дүзген.

Республика Хожалық суды 125.011.026 сўмлық дебитор қарызларды өндириў ҳаққындағы даўа арзаларын қанаатландырған болсада, тилекке қарсы нефть өнимлери басқармасының есап бетине келип түскен ақша 89000 (сексен тоғыз мың) сўмды қурайды. Соған қарамастан басшы хызметкерлери өзлериниң хызмет бабынан пайдаланып, даўа арзалар қанаатландырылған деп «Султан ЛТД» жәмийетине 6.200.000 (алты млн. еки жүз мың) сўмлық қымбат баҳа қағазы есапланған вексель төлеген. Нәтийжеде басқармаға жүдә көп муғдарда зыян келтиргенлиги себепли 29 май 1997 жылы ӨзР ЖК-ниң 205-ст. 2-б. «а» пункти менен жынаятлы ис қозғатылып, ҚР прокуратурасы тергеў бөлими тәрепинен дәслепки тергеў ҳәрекетлери алып барылмақта.

Қарақалпақстан Республикасы Тадбиркор банк бөлимине жүргизилген тексериўлер нәтийжесинде, жоқарыдағы пәрман талаплары бузылып атырғанлықлары анықланды. Яғный жоқарыдағы пәрманның 2-пунктинде барлық банклер тәрепинен өз-ара есап китапларды жүргизгенде, қадағалаўды күшейтиў кереклиги, алдын ала төлемсиз зат жибериўге, хызмет көрсетиўге жол қоймаўдың илаж-шараларын көриў қатаң тапсырылған.

Сондай-ақ, ҳәр ай сайын мәкеме кәрханалардың балансын, дебитор-кредиторлық қарызлары ҳаққында, қарызлардың қай ўақыттан пайда болғанлығы, алдын-ала 15% муғдарында төлемлер көрсетилгенлиги, төлем мүддетлери өткенлиги, улыўма қанша дебитор қарызлар екенлиги толық көрсетилген ҳалларда керек болсада, көпшилик жағдайларда бул талаплар орынланбай, пәрман талапларын турпайы бузылып атырғанлықлары анықланды. Буннан басқада бир қанша нызам бузылыў жағдайлары анықланып 28-май 1997 жылы Тадбиркор банк бөлими баслығы атына усыныс келтирилди.

Нөкис Сүт акционерлик жәмийетине жүргизилген тексериўлер нәтийжесинде, бул жәмийеттиң баслығы ҳәм бас есапшысы тәреплеринен мәкемелерге алдын ала төлемсиз затлар жибергени, сондай-ақ төлем мүддети өтип кетседе дебитор қарызларын өндириў илажларын көрмегенликлери себепли, олардың қарсысына ӨзР Ҳәкимшилик кодексиниң 175-ст. 3-бөлими менен ҳәкимшилик өндирис қозғатылды. Егерде алдағы ўақытларында жоқарыдағы пәрманның орынланыўы бойынша өз хызмет ўазыйпаларына салқын қараса ӨзР. ЖКниң 205-ст. 1-бөлими менен жынаятлы ис қозғатылатуғынлығы алдын ала ескертилди.

Шымбай районы прокуратурасы тәрепинен «Шымбай мамығы» акционерлик жәмийетине жүргизилген тексериўлер нәтийжесинде, бул мәкеменің дебиторлық қарызының 38209740 сўмға жеткенлиги, айырым мәкеме кәрханаларға алдын ала төлемсиз өнимлери жиберип атырғанлығы анықланып Шымбай районы прокуроры тәрепинен жәмийет баслығы Р. Қарлыбаевтың ҳәм бас есапшысы У. Шамшетовлардың қарсысына Өз.Р. Ҳәкимшилик кодексиниң 175-ст. 3-бөлими менен ҳәкимшилик өндирис қозғатылып, орынлаў ушын салық инспекциясына жиберилсин.

Президенттиң жоқарыдағы Пәрманының орынланыўы бойынша тексериў жумыслары даўам етпекте.

Шапи АБДУЛЛАЕВ.

Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасының улыўма бақлаў бөлими прокуроры.

ҲӘЗИРГИ ЖАСЛАРЫМЫЗ ТАЛАПШАҢ

— ДЕЙДИ ОҚЫЎ ОРАЙЫНЫҢ БАСЛЫҒЫ Н. ХАЛМУРАТОВ.

Қарақалпақстан Республикасы Ишки Ислер Министрлиги жанындағы қатардағы ҳәм киши басшылар қурамын басланғыш таярлықтан өткериў орайы Өзбекстан Ишки Ислер Министрлиги тәрепинен 3-июнь 1993-жылы №203 буйрығы менен ашылды. Өткен төрт жылдан аслам ўақыт ишинде оқыў орайын 593 курсант питкерип шықты. Олардан, 67 си курсант офицери қурамы болса, қалғанлары қатардағы ишки ислер хызметкери болып жумысқа орналастырылды. Жақында биз усы оқыў орайында болып оның баслығы милиция подполковниги Нуратдин Халмуратовқа ушырасып өзимизди қызықтырған сораўларға жуўап алдық.

— Нуратдин Халмуратович, өзиңизге мәлим, кейинги ўақытлары Президентимиз тәрепинен ҳуқық қорғаў уйымларына болған итибар күшейип олардың алдына жуўапкерли ўазыйпалар қойылмақта. Әлбетте, ҳуқықый демократиялық жәмийет қурыўда суд, прокуратура, ишки ислер министрлиги хызметкерлериниң орны айрықша. Мине, усы жағдайдан келип шығып ғәрезсизлик шарапаты менен ашылған оқыў орайыңыз ҳаққында кеңирек айтып берсеңиз?

— Бундай оқыў орны 1993-жылға шекем Өзбекстанның тек ғана Ташкент, Самарқанд, Бухара, Ферғана қалаларында бар еди. Усыған шекем жигитлеримиз усы қалаларда оқып келди. Бизиң министримиз Ж. Шылманов ҳәм оның орынбасары М. Бабаниязовлардың айрықша күш салыўлары нәтийжесинде бир қанша шөлкемлестириўшилик жумыслардан кейин пайтахтымыздағы әскерий бөлим қапталында 1993-жылы 1-октябрьде оқыў процессимизди басладық. Оқыў мүддети үш ай болып, дәслепки топарға 30 ишки ислер, хызметкери қабыл етилди. Ол ўақытлары бул жерге ишки ислер бөлиминде хызмет етип атырғанлар ғана қабыл етилер еди. Соң, Өзбекстан Республикасы Ишки ислер министрлигиниң 1995-жыл №237 буйрығына муўапық ишки ислер бөлимине хызметке өтиўди қәлейтуғын, 30 жасқа шекемги жигитлер қабыл етилетуғын болды. Қабыллаў шәртлеринде әскерий хызметти өтегенлиги, физикалық жақтан таярлығы, ден-саўлығы әлбетте есапқа алынады. Оқыў барысында олар сиясаттаныў, юридикалық таярлық, жәмийетлик тәртипти сақлаў бойынша милиция хызметкерлериниң тактикалық ҳәрекетлери, адамлар менен қарым-қатнас жасаў қағыйдалары, жынаятшыны услаў бойынша тактикалық ҳәрекетлер, психологиялық бейимлесиў тәртиби, қурал-жарақларды нызамлы түрде пайдаланыў ҳуқықлары ҳ. т. б. сабақлар өтиледи. Усы сабақларға ишки ислер бөлимлеринде бир неше жыл ислеген тәжирийбели жоқары мағлыўматлы хызметкерлер, милиция майоры Мақсет Шәриоаев, милиция капитаны А. Арзиев, милиция лейтенаты Сабит Өтәмбетовлар айрықша излениўшеңлик, билимлилик ҳәм талапшаңлық менен алып барады. Сондай-ақ ҳәр бир топарға бир рет министрлик тәрепинен өөлим баслықлары келип арнаўлы лекциялар оқыйды.

— Оқыў орайы базасы ҳәм курсантларға жаратылып берилип атырған шәриятлар ҳаққында да айтып өтсеңиз?

— Әзирше оқыў орнымыз №6 механизацияласқан қурылыс кәрханасының жайында киреиде отыр. Бул жерде жатақхана, асхана бар. Өз күшимиз менен тәмийинлеген спорт майданшамыз, дем алыў бөлмеси, телевизор, оқыўшыларымыз хызметинде. Оқыў барысында қолланылатуғын көрсетпе қураллар, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасының герби, байрағы гимнлери, белгили байрам сәнелери, мәмлекетлик тиллерде жазылып илдирип қойылды. Еки мезгил ыссы аўқат бериледи. Сабақлардан кейин оқыўшыларымыз ишки ислер хызметкерлери менен бирликте саат 17 ден 24 ке дейин қала ишинде жәмийетлик тәртипти сақлаўда хызметте турады. Районлардан келгенлер усы жерде жатып оқыўына имканиятлар жаратылған. Оларды ўатанға садықлық, патриотлық рухта тәрбиялаў ушын бир қанша илажларды өткерип атырмыз. Мәселен, урыс ҳәм мийнет ветераны милиция подполковниги, ақсақалымыз Қурбанбай Насуруллаев менен ушырасыў шөлкемлестирдик, ол жасларымызға өрнек болғандай өмир жолын, хызметлерин айтып берди. Сондай-ақ курсантларды ўақтыўақты пайтахтымыздағы музейлерге, министрликтеги арнаўлы музейге де апарып басып өткен тарийхый жолымызды жанлы фактлер арқалы айтып бердик. Спорт ислери де жақсы жолға қойылған. Курсантларымыз ҳәр шемби күни ишки ислер хызметкери, спорт шебери майор Юлдаш Алланазаров басшылығында шығыс жекпе-жек гүреслериниң түрлери бойынша шыныығыўлар өткереди. Жақында усындай спорт түри бойынша Республикалық ҳәм қалалық ишки ислер бөлими хызметкерлери арасында өткерилген жарысқа курсантларымыз И. Атамуратов, А. Розымбетов ҳәм А. Қаниязовлар призли орынларды ийелеп министрлик тәрепинен баҳалы сыйлықлар, ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды. Әне бир айта кететуғын нәрсе ҳәзирги оқыў орнымыз заман талабының барлық итияжлықларына толық жуўап бермеиди. Соның ушын оқыў орайына заманагөй имарат ҳәм оқыў үскенелери керек. Усы мәселелер тийисли орынлар тәрепинен тезирек итибарға алынып шешилсе екен.

— Нуратдин Халмуратович, сизди халқымыз республикамызда жүз берген аўыр қәўипли жынаятларды ашыўда белсендилигиңиз ҳәм Қарақалпақстан Республикасы ишки ислер министрлигиндеги социаллық мүлкти талан-тараж етиўге, саўдагершиликке, парахорлыққа қарсы гүресиў бөлиминдеги көп ғана үлги аларлық ислериңиз арқалы жақсы таныйды. Усындай жумыслар бабындағы теориялық ҳәм практикалық ис тәжирийбеңиз, бүгинги жасларға ҳәр тәреплеме билим бериўде устазлық етиўде қол келсе керек...?

— Әлбетте, мениң бул тараўға жумысқа араласқаныма да быйыл 30 жылдан асты. Усы дәўир ишинде дүньядағы ең қәўипли кәсип түриниң ҳәм қыйын ҳәм жуўапкершиликли ҳәм қызықлы жолларын басып өттик. Талай ғана жынаятлардың бет пердесин аштық. Олардың барлығын избе-из айтып отырсаң, бир нәҳән китап болатуғын шығар. Ҳәзир мениң бир неше шәкиртлеримниң өзи устазлық дәрежеге жетти. Олардан Нөкис қалалық ишки ислер бөлиминиң баслығы Қ. Тәжимуратов ҳәм оның орынбасары М. Алламуратов, Кегейли районлық ишки ислер бөлими баслығының орынбасары С. Қарашев, усы жерде устазлық етип атырған М. Шарибаевқа ҳәм тағы да басқа шәкиртлеримди бәрқулла мақтаныш етемен. Оқыў орайында оқып атырған курсантлардың өзи де ҳә демей-ақ жәмийетлик тәртипти сақлаўда көплеген жынаятларды ашып көзге түспекте. Сөзлерим жанлы болыў ушын жақында ғана болған үш фактке тоқтап өтейин.

Биринши; усы жыл 11-июнь күни кешки саат 20.00 шамасында бизиң курсантымыз Гөне қалада еки мәс ҳалындағы жигиттиң бир қызды сүйреп урып, тән жарақатын салып атырғанлығының үстинен шығады ҳәм жынаятшыларды услап ишки ислер бөлимине апарып ҳүжжетлестиреди.

Екиншиси; Усы жыл 6-июнь күни курсантымыз хызмет ўазыйпасын өтеў ушын саат 17 лер шамасында «Спартак» стадионына баратырғанда орайлық базар үстинен өтеди ҳәм бул жерде А. исимли пуқараның бир пуқарадан ақша урлап атырғанлығының үстинен шығады. Бул жынаятшы да усланып жынаяты ҳүжжетлестирилди.

Үшиншиси; Усы жыл 14-июнь күни курсант А. Палекеев Нөкис қаласында тойда хызметте жүргенинде ойда жоқ урлықтың гүўасы болады. Яғный усы тойда Нөкис қаласының турғыны С. исимли пуқара жалғаннан мәс болып тойханаға кирип кетеди. Ҳәм ол үйден бар ақшаны, затларды алып шығып баратырғанында усланады. Ҳәзир жоқарыдағы фактлердиң ҳәммесине жынайы ис қозғатылып тергеў жумыслары алып барылмақта.

— Жүдә қызығарлы фактлер менен танысып шәкиртлериңиздиң сизиң исениминизди ақлап атырғанлығын аңладық. Енди бизди сыр болмаса өз шаңарағыңыз менен таныстырсаңыз?

— Шаңарағымда еки ул перзентим, алты қыз перзентим бар. Еки арыстың бири жуптым №7 поликлиникада бас медсестра, оның менен өмирдиң бар қызығын көрип атырман. Үлкен улым жол қурылысы техникумында оқыйды. Усы перзентим мениң жолымды қуўады деп үмит етип отырман. Өзимнен үлкен ағам Султамурат Халмуратов бир неше жыллар ишки ислер бөлиминде хызмет ислеп сол жерден пенсияға шыққан.

— Көп жыллық жаслардың устазы сыпатында көп мың санлы газета оқыўшыларына тилегиңизди билип сәўбетимизди жуўмақласақ?

— Жаслар қыйыншылықтан қашпаўы керек. Олардың тәрбия интизамлы адамгершиликли, дүньяға көз-қарасы кең болып өсиўинде биринши ата-ананың, екиншиден, мектептиң, үшиншиден кең жәмийетшиликтиң орны айрықша. Мине, усы аталған орталықларда бала жақсы тәрбияланса сол адамнан жынаят ислемейтуғын өз Ўатанының келешегин ойлайтуғын ҳақыйқый инсан келип шығады. Мен қуўанаман, себеби ҳәзирги жасларымыз талапшаң, излениўшең жәмийеттеги өзгерислерге өзлериншe баҳа бериўге үйренип киятыр. Газета арқалы бәрше шаңарақларға аманлық, жумысларында ҳәм оқыўларында жаслықтың таўсылмас күш-ғайратын тилеймен.

— Сизге де мазмунлы сәўбетиңиз ушын рахмет, усындай машақатлы кәсибиңизде табыслар бола берсин.

Абдулла ЕМБЕРГЕНОВ.
Журналист.

ЖАСЛАР БИЗИҢ КЕЛЕШЕГИМИЗ

ЖАСЛАР ТӘРБИЯСЫНА АЙРЫҚША ИТИБАР КЕРЕК

Республикамыз жас әўладларды жоқары билимли, мәмлекет ҳәм халық исине пухта, мәдениятлы, ғайратлы, өз Ўатанын қорғаўға бәрқулла таяр туратуғын адамларды өсип жетилистириўде үлкен жетискенликлерге ерисилип келмекте. Бизиң жасларымыз халық хожалығының түрли тараўларында үлгили мийнет етип атыр.

Жасларды социаллық ҳәм руўхый раўажландырыў ушын жағдайлар дүзиўге бағдарланған социаллық, экономикалық, сиясий ҳуқықый шөлкемлестириў илажлары бойынша бир қанша жумыслар әмелге асырылмақта.

Жасларды ҳуқықый жақтан қорғаў, мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик шөлкемлердиң, бирлеспелердиң, кәрханалардың жаслар жөниндеги юридикалық жақтан беккемленген миннетлерин өз ишине алады. Семьяда, мийнет ҳәм оқыў орынларында адамның қәдир-қымбатын ҳәр тәреплеме қорғаў усы миннетке киреди. Жасларды ҳуқықый қорғаў илажлары ҳуқық қорғаў уйымлары тәрепинен ҳәрекет етип турған нызамлар менен белгиленген тәртипте әмелге асырылды.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 14-декабрь 1992-жылғы «Қарақалпақстан Республикасында мәмлекетлик жаслар сиясаттың тийкарлары ҳаққында» Қарақалпақстан Республикасының Нызамы— жасларды социаллық ҳәм руўхый раўажландырыў ушын жағдайлар дүзиўге бағдарланған мәмлекетлик жаслар сиясатының тийкарғы басламаларын, мақсетлерин ҳәм ўазыйпаларын белгилеп береди ҳәм Қарақалпақстан Республикасында оны әмелге асырыў механизмниң ҳуқықый тийкары болып табылады. Районымызда бул нызам талаплары тийкарында бир қанша жумыслар әмелге асырылып атыр, деген менен бул нызам толық дәрежеде орынланып атыр деўге болмайды.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 1996-жыл 17 апрельдеги ПФ—1425 санлы қарарында Өзбекстан Республикасы Жаслары Аўқамының ықтыярлы түрде «Камолат» қорына киргенлиги, оның тийкарғы мақсети биринши нәўбетте жаслардың ҳуқықларын қорғаў ҳәм оларды ҳәр тәреплеме билимли, саналы адамлар болып жетилисиўи ушын жағдайлар дүзип бериўде мәмлекет ҳәм басқада шөлкемлер менен бирге ислесиўден ибарат екенлиги көрсетилген.

Жақында Нөкис район прокуратурасы тәрепинен Жаслар ҳаққында»ғы, мәмлекетлик сиясаттың тийкарлары ҳаққындағы нызамның орынланыў тексерилгенде бул нызам талапларының толық орынланбай атырғанлығы анықланды. Районлық «Камолат» қоры өзиниң уставы тийкарында толық жумысларды әмелге асырмағанлығы биринши гезекте «Камолат» қорының мақсети мәмлекетлик орайларды дүзиў, бул орай толық дүзилип болынбағанлығы, кәрхана мәкеме шөлкемлердиң «Камолат» қорына 2350000 сўм қорды материаллық жақтан қуўатлаў ушын келип түсиўи керек болса, соннан тек ғана 30 мың сўм келип түскенлиги анықланды.

«Мәмлекетлик жаслар сиясатының тийкарлары ҳаққында»ғы нызам талабына муўапық жаслар деп 14-жастан 30 жасқа дейинги пуқаралар түсиниледи.

Жаслар—бизиң келешегимиз, оларды тәрбиялаўға мәмлекет жәмийет ҳәм семья жақынан жәрдем бериўи, оларға ҳәр тәреплеме ғамқорлық көрсетилиўи тийис. Мектеп жасларды үлгили минез қулық руўхында жасаў ҳәм ис тутыў, жәмийетлик турмыс қағыйдаларына, нызамларға бойсыныў руўхында тәрбияланыўын тәмийинлеўи лазым. Сонда ғана жаслар тәрепинен ҳәр қандай ҳуқық бузыўшылық, жынаятшылықтың ислениўиниң алды алынған болар еди. Район аймағында 30 орта ҳәм толық емес мектеплер болып оларда II мыңға шамалас жаслар, сондай-ақ I лицей, I орта кәсип техникалық оқыў орны болып оларда 700 ден аслам жаслар оқып билим алмақта.

Мен бул жерде барлық мектеплерде ҳуқық тийкарлары пәнинен юристлер сабақ бериў керек демекши емеспен. Тарийх пәни оқытыўшылары арнаўлы курсларға жиберип ҳуқық пәни тийкарларынан сабақ бере алатуғын дәрежеге жеткерсе жақсы болар еди деп ойлайман.

Район аймағында жас өспиримлер тәрепинен жынаят ислеўшилик ҳәм ҳәр қыйлы ҳуқық тәртибин бузыўшылық орын алып келмекте.

Жаслар тәрепинен исленген айырым жынаятлардан мысаллар келтирип өтейик.

— Абрар Қурбанбаев, Бухарбай Қабулов, Шарибай Қалимбетов, Қонысбай Шразов, Қошмурат Сеилхановлар ҳәммесиде 1978-жылы туўылған (барлығында ҳеш жерде жәмийетке пайдалы жумыс ислемейди). 1997-жыл 8 январда өз ара тил бириктирип Айдос Жумабаевтың еки бас қарамалын урлап алып базарға апарып 15 мың сўмға сатқан ҳәм ақшаларын өз ара бөлискен. Олар ЖК ниң 169 ст. 2,3—бөлими менен айыплы деп танылып Нөкис район судының 31-март 1997-жылғы ҳүкими менен Қалимбетов 7 жылға, Қабулов 7 жылға, Сейилханов, Шразов ҳәм Қурбанбаевлардың ҳәр бирине 3 жыл қамақ жазасы белгиленди.

— Районлық билимлендириў бөлимине қараслы Толстой атындағы мектептиң 8-класс оқыўшысы Махамбет Алламуратов 7-март 1997 жылы жас өспирим Айбек Сапаровтың бетине қастан тас менен урып жарақат салған. ӨзР ЖК-ниң 106-ст. менен жынайы иси қозғатылып жынаятлы ис айыплаў жуўмақ менен питкерилди.

Жоқарыда мысалға алған Қурбанбаев ҳәм тағы басқаларының ислеген жынаятларының келип шығыў жағдайларын анализлегенде олардың ҳәммеси жумыс ислемейтуғынлығы анықланды. Олардың өзлериниң көрсетиўине қарағанда «ҳеш жерде жумыс жоқ, жумыс сорап барсақ ҳеш бир мекеме жумысқа алмайды, жеўге нанымыз, ишиўге аўқатымыз, кийиўге кийимимиз болмағанлықтан жынаят ислеўге, урлық ислеўге қол урдық» деп көрсетеди.

Ҳақыйқатын айтқанда жумыссыз жаслар тәрепинен жынаят ислеў жағдайлары көплеп ушыраспақта. Буны мен жаслар арасындағы машқалалардың бири деп есаплайман. Мийнет биржасы, жаслар аўқамы жасларды жумыс пенен тәмийинлеў исине басшылық етиўи ҳәм жәрдемлер көрсетиўи тийис.

Соның менен бирге ҳәкимият жанындағы жас өспиримлер менен ислесиў комиссиясы ҳәм ишки ислер бөлими жанындағы жас өспиримлер менен ислесиў инспекциясы, халық билимлендириў бөлими ҳәм жаслар аўқамы менен бирге-ликте жас өспиримлер арасында ҳәр қандай ҳуқық тәртибин бузыўшылықтың, жынаяттың алдын-алыў ушын нәтийжели жумыслар алып барыўлары керек.

1997-жылдың май айында Ташкентте, Нөкисте ҳәм 29 май 1997 жылы Нөкис районында болып өткен «Мәмлекет, жәмийет, семья ҳәм жаслар машқалалары» темасында өткерилген конференцияларда жаслар тәрбиясына айрықша дыққат аўдарылыўы, жасларға ҳәр тәреплеме жәрдемлер көрсетилиўи кереклиги атап өтилди.

Сонлықтан жаслар тәрбиясына барлық инсан өз жәрдемин бериўи керек демекшимен.

Н. ЖАҢАБАЕВ.

Нөкис район прокурорының ўазыйпасын атқарыўшы 1—дәрежели юрист.

ОИЛА ДАРОМАДИ

ЁКИ ҚАНДАЙ ҚИЛИБ БОЙ БЎЛИШ МУМКИН?

Биз кишилик оламида яшарканбиз, рўзғорни бутлаш муаммоси ҳамиша олдимизда кўндаланг туради. Бир қарашда бу шахсий ишимиздек туюлар, лекин чуқурроқ таҳлил этсак, оилаларнинг тўқ ва фаровонлиги эвазига жамият кучли ва қудратли бўла боради. Рўзғор фаровонлиги эса оила даромади билан боғлиқ. Четдан туриб кузатилса, баъзи хонадонларда ҳеч вақт танқислик юз бермайди, иқтисодий аҳвол бир маромда кечади. Бошқа бирларида эса аксинча. Маошга яқин қолганида оила аъзолари саросимланиб қолишади, ҳатто қўни-қўшнидан қарз ҳам сўралади. Ҳар иккала ҳолат хонадондагиларнинг кайфиятига таъсир этади. Гоҳ салбий, гоҳ ижобий...

Оила даромадини қандай кўпайтирса бўлади? Маошга яшаб туриб ҳам бойиш мумкинми? Қандай қилиб? Фикримизни кенгроқ мушоҳада этайлик. Бир хонадоннинг ҳар ойдаги умумий даромади хисоблаб чиқилиб, маълум миқдори шу ойдаги сарф-харажат учун ажратилди, дейлик. Сарфланган маблағдан ортган пул-жамғармадир. Бир неча ой давомида бу жамғарма кўпайиб, сўнг хонадандагилар кўпдан орзу қилган бирор буюмни сотиб олиш имкони яратилади. Баъзи ортиқча киримлар (мукофот пуллари ё бошқа бир қўшимча фойдали ишлар ҳисобидан тушган пул) ҳам шу жамғармага қўшилаверади. Ана шу умумий жамғармани тежаб-тергаб ишлатиш баробарида хонадонга қутбарака оқиб киради, бойлик тўпланади. Кўпчилик бой одам хасис бўлади, дейишади. Назаримда, бу «хасислик» ўша одамнинг пулини ҳудабеҳудага сарфлай вермаслигига ишорадир. Чунки, тежамкорлик оқибатида бойилган киши бу тежамга доимо—амал қилади, унинг хонадони иқтосодий жиҳатдан тўкис, тинч ва беташвиш яшайди. Ахир эру хотин ўртасида келиб чиқаётган жанжал ва келишмовчиликларнинг бош сабаби кўпинча рўзғордаги иқтисодий таназзулга келиб тақалади.

Энди ўйлайлик. Оила даромадини яхшилашга ким кўпроқ хисса қўшади? Ё аёлми? Нима учун баъзи ҳолларда маош олинишга яқин қолганида уйда бир чақаям пул йўқлигидан ташвишга тушилади? Ким айбдор бунга? Балки эр киши кўп пул топиб келганда ҳам, аёл уни тежаб-тергаб сарфламоққа қодир эмасдир? Ёки оила даромади бир ой ичидаёқ «талош» бўлиб, оила аъзоларининг ҳою-ҳавасига сарф қилиб юборилаётгандир? Бунинг олдини олмоқ учун балки бизнинг рўзғорларимизда ҳам хорижликларники сингари сарф-харажат кирим-чиқим дафтарлари юритиш жоиздир! Ахир у нарсалар оила фаровонлигига хизмат қилса, айб саналмайдику. Ҳар қандай шароитда ҳам уй бекаси тадбиркор ва уддабурро бўлмас экан, даромадга путур етиши тайин. Шу ўрнида аждодларимиз донолиги ва бой тажрибаларидан ўрганмоғимиз керак. Улар доимо «Етти ўлчаб, бир кес» мақолига амал қилиб яшаганлар. Қаранг ўтган асримизда яшаган олима Фахр—ул Банотнинг рисоласида ҳам шу ҳақда гап бор экан; «Бир хоним уйининг идора қилувида исроф этувчи бўлса, эрини ранжитиши маълум. Ўзи ҳам торликка тушиб, машаққат чекадур. Эр исроф қилгувчи бўлганда ҳам хотун уни яхши тута билувга ўргатмоғи, егулкларни ва бошқа нарсаларни режалаб тутмоғи керак. «Донни йиққан донодир» дейдилар. Эрларининг пулини машақат ила топганини ўйлаган, исрофнинг зарарини билган хонимлар уй ичидаги нарсаларни режалаб тутадирлар... Ҳа, режа билан иш юритмоқ бизни тартибга ўргатади, тартибли рўзғорда эса барака ҳам бўлади.

Шу йил кўклам кезларида қишлоққа йўлим тушди. Шахарга қатновчи автобус бекатида ҳамқишлоқларимни учратдим. Автобус келгач, кимдир бир қоп картошка, кимдир бир қоп сабзи яна биров бир қоп пистани унга орта бошлади. Автобуснинг орқа томони қоплар билан лиқ толди. Шулар орасида қўшнимиз ҳам бор эди, менга кўзи тушгач, «Шуни шаҳарга сотгани олиб бораяпман» деп оёғи тагидаги қопга ишора қилди. «Рузғорингиздан ортиб қолдими?» деп сўрадим. «Қаёқда,—деди у. Кўпчиликмиз, биздан картошка ортармиди. Кейинги пайтда тирикчилигимиз ўтмай қолди, қўзғорда пул тугади, синглим», деди. Бу суҳбат то шаҳарга етгунча давом этди. Қўшнимнинг айтишича, ў утган йил ёзда даштдаги майдонларга картошка экибди. Оиласи билан астойдил меҳнат қилиб дурустгина даромад ҳам қилибди. Пул қўлга теккач, уни белбоққа туғиб бозорга чиқишибди. Болаларига бир неча сидра кийим-кечак, бўйга етганларига сарпо-сурук харид қилишибди. Меҳмонхона учун гилам сотиб олишибди. Лекин, бозордан ортган маблағ қишгача зўрга етибди. Анчадан буён ғамлаб қўйилган картошка пиёз ва сабзидан оз-оз сотиб, рўзғор тебратишиётган экан. Қўшнимнинг сўзларини тинглаб ўйланиб қолдим. Баъзида ҳамёнга қўпроқ пул тушганида, киш учун у ҳеч тугамайдигандек туюлади. Шунда пулни сарфлаш осон кечади, хоҳ зарур, хоҳ унча зарур бўлмаган буюмларни хам сотиб олаверади, киши. Қачонки, рўзғордаги пулнинг чуғи пасайгандагина инсон ташвишга тушади ва ҳушёр тортиб мулоҳаза юритади; «Харид қилишда қай хатога, йўл қўйилди? Балки гиламни кейинроқ сотиб олган маъқул эди? Туйга хали узоқ, сарполарни бир сидра олса булардику! Бундай кезда ўз-ўзимизни қоймаймиз, халқ орасидаги «Пул топиб, ақл топмаган—да!» деган сўзлар ҳаёлимиздан ўтади. Шундай экан, оила бошлиқлари рўзғар харажатида яктил бўлишиб, тежамкорлик ила иш юритишмаса бўлмайди. Рўзғор дегани аслида муттасил ишлаб турган тегирмонга ўхшайди. Бу тегирмонга зарур хомашё ўз вақтида етказиб берилмаса, у тухтайди. Бизнинг маҳоратимиз хомашёни бир маромда ва меъёрида шу тегирмонга етказиб турмоқлиқда кўринади.

Хўш, рўзғор юритиш илми қай тарика ўрганилади? Бундай илм муттасил тажрибалар давомида эгаллай борилади. Бугинги кунда эса фақат тажрибанинг ўзи камлик қилади. Биз иқтисодимиз янгиликларидан кунба-кун хабардор бўлишимиз, қайси йўлдан бораётганимизни теран англамоғимиз зарур. Рўзғор юритиш санъатини ўрганиш учун етарли даражада билим ҳам даркор. Юртбошимизнинг шу соҳадига маърузаларидан маълумки, республикамизда ҳали кўп уқладли иқтисодиёт қарор топади. Давлат мулки, жамоа мулки, шахсий мулк ҳам бирдек ривожланиши учун шарт-шароит яратилади. Асосий қонунимизда айтилганидек, давлат шахсий мулкни ҳимоя қилади. «Фуқаролари бой бўлган мамлакат ҳам бой бўлади»,—дегандилар Президентимиз ўз нутқларидан бирида «—Фуқароларимиз шуни яхши билсинларки, биз ҳеч кимнинг чўнтагидан пулни ҳисоб-китоб қилмаймиз. Пул топилдими, ҳалоли бўлсин, Давлат, жамоа ишини бажариб қўйгандан кейин ўз манфаати йўлида меҳнат қилсин, бола-чақасининг ризқини купайтирсин, бойлик орттирсин. Биз бунни фақат маъқуллаймиз...».

Ҳар бир оила меҳнатсеварлиги ила яхши ҳаёт кечирмоққа хақди. Ҳар бир хонадон эгалари ўз уйи, ўз мўлки, ўз рўзғорининг барокати ва даромади учун қайғуриб, оила равнакини оширишга эришмоқлари керак, Оиланинг молиявий фаолиятини оширишда эса иқтисодий билим, режа ва ҳисоб-китоб тадбиркорлиги устувордир. Биз шунга амал қилайлик.

Гулчеҳра ЖАМИЛОВА.

МИЛИЦИОНЕР ИЖОДИДАН

ЕШ ТУТ

Пахтазор ўртасида
Ариқ лабида
Битта ёш Тут ўсарди
Сершох, серсоя.
Пахтакорлар туш пайти
Ўша ёш Тут тагида
Дам олардилар мириқиб.
Болалар эса
Унинг шохларига миниб олиб,
Маза қиларди, териб меваларини.
Аммо бир кун
Кучли довул турди-ю,
Қўлатиб кетди ўша ёш Тутни!
О Табиат, мунча фаҳмсизсан!
Табиат, барибир сен ундан ожизсан.
У ёш Тут
дутор бўлиб,
ғижжак бўлиб,
рубоб бўлиб,
най бўлиб,
Ҳамон дилларига
Ором бағишламоқда пахтакорларнинг.

ОНА

Бағрини тирмалаб,
кессада Инсон,
Ҳадя қилгай ЕР
тонна-тонна оқ олтин
миллион пудлаб дон.
Ковлаб,
пармалаб,
тешсада Инсон,
Ҳадя қилгай Ер
олтин, кумуш кон.
ОНА,
сен уша ЗАМИНга ўхшайсан.
Бошингга агар
қанча-қанча ғам,
қанча мусибат
солса ҳамки фарзандинг,
сенинг меҳринг унга бир дарё.
Не истаса
қилгунг муҳайё.
Агар истаса
жонингни ҳам бергунгдир ҳатто!
Ўғлинг бошига
тушса агар ғам,
Унда сен..
ОЙНАга ўхшайсан,
Дарз кетасан
қийналганингдан...

ЎЧОҚ ВА ЎТИН
(масал)

Одамларни тафтимда
Иситаман, деб Учоқ,
Олижанобликда мақтанар буткул.
Пинҳон тутар аслида
Камтар Ўтиннинг, бироқ,
Шу мақсадда ёниб бўлганини кул.

МАЖНУНТОЛ

Мажнунтол бир дилрабо гўё,
Ошиқ бўлган бировга ғойиб.
Араз бўлган ошиғидан ё,
Десам мендан топманглар айиб.

Ҳар кун унинг ҳамроҳи дарё,
Ўтиради сочини ёйиб
Кўзларида ҳалқа-ҳалқа ёш,
Аксига лол боқар мунғайиб...

ТУЮҚЛАР

Ишқингда, э дилбар, ўтдек ёнамен.
Дощ беролмай талпинам ҳар ёна мен,
Қалбинг мунча, оҳким, совуқ муз янглиг,
На ўзгалар ёқар сенга ё на мен.

Табассуминг айлади кўнгилимни ойдин,
Айдин билдим, о қиз, севишинг ой дин
Табассуминг эвазига, истасанг,
Тушгумдир гул олиб ҳаттоки Ойдин.

ОЙНА

Кап—катта бўлсам ҳам уйинг олдида
Футбол ўйнашимни ҳали қўймайман,
Футбол баҳона-ю, мақсадим битта,
Ойнанг синдиргунча тинмай ўйнайман.

Ўпкаларсан, эркам, сен менга албат,
Менинг қилиқларим, ахир, бачкана.
Тушинсайдинг, эвоҳ, синдиргум фақат,
Солиб бериш учун мен ўзим яна.

Отамурат ШОМУРАДОВ.

БАТЫР РАМАНОВ

Республикалық лепроға қарсы гүресиў диспансериниң (РПЛД) жәмәәти үлкен жоғалтыўшылыққа ушырады.

Диспансердиң 1963 жылдан бери ислеп киятырған хызметкери, мийнет ветераны **РАМАНОВ Батырды** сум әжел арамыздан тосаттан алып кетти.

Раманов Батыр 1941 жылы Төртқүл районының Ахунбабаев атындағы колхозында туўылды. Ол мийнет жолын 1958 жылы қурылыста гербиш өриўшиликтен баслаған, 1962 жылы Төртқүл да шофер болып ислеген, 1963 жылы декабрден баслап усы диспансерге шофер болып жумысқа кирип, өмириниң ақырына дейин өзиниң ақ көкирекшилиги, жумысты жақсы алып барыўшылығы менен халықтың алғысына миясар болған инсан.

Ол өзиниң ислеген мийнет жолында администрация тәрепинен хәм Қарақалпақстан Республикасының денсаўлықты сақлаў министрлиги тәрепинен бирқанша алғыс алған, өзиниң ҳадал мийнети ушын 1989 жылы «Мийнет ветераны» медалы менен хәм Республиканың Жоқарғы Кеңесиниң «Ҳүрмет жарлығы» менен сыйлықланды.

Бул ҳақ көкирек халқымыздың ҳадал перзенти бизиң жүрегимизде бәрҳәма сақланып қалады.

Бир топар дослары.

ҚАЛМУРАТ ГУЛИМБЕТОВ

2 июль күни Шымбай районлық ишки ислер бөлими баслығының орынбасары, милиция майоры Қалмурат Гүлимбетов мезгилсиз қайтыс болды.

Қ. Гулимбетов 1951-жылы Хожели районында туўылды. 1973-жылдан баслап Нөкис қалалық ишки ислер бөлиминде жол қадағалаў инспекторы болып өз хызмет жолын баслаған Қалмурат 24 жыл даўамында ишки ислер уйымларында минсиз хызмет етти. Ол мәмлекетлик автоинспекция тараўына пүткил өмирин арнады.

Қ. Гулимбетовтың пидәкерлик мийнетлери ишки ислер министрлиги тәрепинен жоқары баҳаланып барылды. Ол «Минсиз хызметлери ушын» медалының III, II, I—дәрежелери менен жынаятты ашқанлығы ушын бир неше мәрте сыйлықланды.

Қалмурат Гулимбетов хызмет еткен дәўиринде өзиниң уқыплылығы, талапшаңлығы, искерлиги менен көзге түсти. Ол өз кәсиплеслери арасында үлкен абыройға ийе азамат еди.

Ҳақ кеўил, адамгершиликли кәсиплесимиз Қалмурат Гулимбетовтың жарқын келбети бизиң есимизде мәңги сақланады.

Қарақалпақстан Республикасы ишки ислер министрлигиниң коллегиясы хәм жеке қурамы.

«АДАМ ҲӘМ НЫЗАМ»

ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎШИЛЕР; Қарақалпақстан Республикаси Прокуратурасы, Әдиллик Министрлиги хәм Ишки ислер Министрлиги

Газета А-3 форматында нусқасы 12500 571 буйыртпа менен басылды.
Газета айына 3 мәртебе шығады.

Бас редактор Роза КӨБЕЙСИН қызы.

Редакцияның жәмийетлик кеңесгөйлери:

Парахат АЙТНИЯЗОВ, Бахмурат СЕЙТМУРАТОВ. Батыр МАТМУРАТОВ, Халмурза МАМУТОВ, Фархад НИЗАМОВ, Азат НУРЖАНОВ, Жаңабай САДЫҚОВ, Жаңабай ШЫЛМАНОВ, Замира ШАМУРАТОВА, Ҳакимбай ХАЛИМОВ.

Мәкан жайымыз;
Инд; 742000. Нөкис қаласы
Гәрезсизлик көшеси № 44 жай.
телефон; редактор; 4—47—59.

Басыўға рухсат етилген ўақты 15.00
Индекс 64524

Баспасөз бойынша Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты